



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON K AP EDE BENEFISYÈ SNAP YO KI SANZABRI, ANDIKAPE EPI KI AJE ACHE MANJE KI PREPARE**

***Lejislasyon (S.64/A.1524) kreye Pwogram Manje Restoran nan tout Eta a; oblije OTDA pou aplike pou apwobasyon USDA pou benefisyè SNAP yo ka achte manje prepare***

***Yon fwa ke USDA apwouve li, sa ka ede benefisyè SNAP yo pou itilize avantaj yo pou manje ki prepare oswa manje ki cho nan restoran ak episri k ap patisipe yo***

***Lanse Pwogram Rezistans Restoran ki koute 25 milyon dola, ki baze sou Inisyativ Nourish New York ki fè siksè a, pou bay yon bourad ak restoran ki an difikilte yo pandan y ap nouri fanmi ki nan bezwen yo***

***Restoran yo ka aplike [isit la](#) pou Pwogram Rezistans lan k ap kòmanse jodi a***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.64/A.1524) ki etabli yon Pwogram Manje nan Restoran nan tout eta a kòm yon pati nan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program) a, oswa SNAP. Lejislasyon an egzije Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York pou aplike pou apwobasyon USDA pou otorize pwogram lan, ki ta pèmèt benefisyè SNAP yo ki sanzabri, ki aje ak andikape itilize avantaj yo pou manje ki prepare oswa manje ki cho ki soti nan restoran k ap patisipe yo. Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon sa a nan Brownsville Recreation Center (Sant Lwazi Brownsville) nan Brooklyn, NY 4 oktòb la.

Gouvènè a te anonse tou lansman Pwogram Rezistans Restoran (Restaurant Resiliency Program) ki koute 25 milyon dola pou bay soulajman nan endistri restoran an, ki kontinye ap fè fas ak gwo defi ki soti nan pandemi COVID-19 la. Pwogram nan, ke lejislati a pwopoze a, pral fonde sou inisyativ reyisi Nourish New York la Li pral bay finansman pou bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo, pou achte manje prepare ki soti nan restoran New York yo epi livre yo bay fanmi ki nan bezwen yo.

"Li pa admisib pou ke nan yon eta ki pwospere tankou New York, anpil rezidan toujou ap lite pou jwenn aksè ak manje pou nouri fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aksyon vital nou ap pran yo— k ap etabli de pwogram restoran pou ede Nouyòkè ki pi frajil yo nouri tèt yo epi ede restoran yo retabli anba pandemi terib sa a—pral mache

ansanmak mete manje sou tab nan kay yo toupatou nan eta a. Pandemi sa a ap kontinye enpakte bous ak kay yon gwo kantite Nouyòkè, epi n ap pran nenpòt mezi pou ede yo sipòte tèt yo ak pwòch yo."

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare**", Mezi Gouvènè Hochul ap pran jodi a yo fè li klè pou fanmi yo ak restoran yo k ap rekipere yo anba COVID ke Eta New York la pou yo. Ogmantasyon elijibilite avantaj SNAP yo pou manje ki prepare oswa manje ki cho nan restoran k ap patisipe yo pral ede nouri fanmi New York ki nan bezwen yo pandan y ap bay yon ogmantasyon ki nesèsè pou biznis lokal yo ki an difikilte. Ansanm ak pwogram Rezistans Restoran ki koute 25 milyon dola a ke yo ap lanse a, ke mwen te defann nan Sena a, sa pral kontribiye grandman pou ankouraje rekiperasyon nou an nan direksyon yon New York ki pi ekitab."

Pwogram Manje nan Restoran toupatou nan eta a, yon fwa ke USDA apwouve li, sa ka ede benefisyè SNAP yo pou itilize avantaj yo pou manje ki prepare oswa manje ki cho nan restoran ak episri k ap patisipe yo nan pri ki redwi.

Anvan yo te siyen lejislasyon sa a, benefisyè SNAP yo nan Eta New York pa te kapab itilize avantaj yo pou achte machandiz ki prepare yo. Sa te anpeche anpil moun ki pa gen aksè pou kwit manje oswa ki pa gen aksè pou prepare manje pou kont yo itilize avantaj SNAP yo. Sa a sitou afekte moun ki sanzabri, andikape ak moun ki aje yo.

**Senatè Roxanne Persaud, Prezidan Sèvis Sosyal Sena a (Senate Social Services Committee), te deklare**, "Lejislasyon ke yo te siyen jodi a pral finalman lakòz plis opsyon pou manje cho pou Nouyòkè ki aje, andikape oswa ki sanzabri yo swa ki manke enstalasyon pou kwit manje debaz yo oswa ki fizikman pa kapab prepare manje. Ensekirite alimantè pa fè diskriminasyon, e tout opsyon yo dwe disponib pou vwazen ki pi frajil nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ak paske li deplwaye Pwogram Rezistans Restoran an ki koute 25 milyon dola a ki finanse nan bidjè ane sa a. COVID-19 te mete etablisman sèvis manje yo an danje toupatou nan Eta New York; pwogram sa a pral ede restoran yo ede vwazen nou yo k ap fè fas ak grangou."

**Manm Asanble Karines Reyes te deklare**, "pandemi an ogmante siyifikativman ensekirite alimantè nan eta nou an. Menas ensekirite alimantè sa a se yon bagay ke mwen deja wè nan distri mwen an e li pi gwo menm pou popilasyon aje, andikape ak sanzabri nou yo. Se poutèt sa mwen te prezante ak travay pou pase lwa sa a nan Asanble a, pou New York te kapab rantre nan Pwogram Manje nan Restoran an. Li asire ke benefisyè SNAP ki pi frajil yo akomode yo epi yo ka resevwa manje ki prepare oswa manje ki cho nan restoran k ap patisipe yo—toupandan y ap bay restoran ki toujou ap rekipere yo yon kout men."

**Manm Asanble Robert J. Rodriguez te deklare**, "Pandemi a te choke endistri restoran Eta New York la nan mete yon souch san parèy sou revni li yo, pliske kominote ki majinalize yo toupatou nan eta a ap konbat ak ensekirite alimantè. Nan fè fas ak gwo difikilte, mèt restoran yo kreye fason enjenye pou sèvi kliyan yo, pwoteje

anplwaye yo, ak nourisi sa yo ki nan bezwen nan kominote yo. Efò sa yo pa pase inapèsi, epi pwogram Revitalizasyon Restoran pral ba yo resous pou kontinye travay sa a. Mwen rekonesan paske Eta a te elaji rezon sekirite li a ak inisyè nan yon pwogram ki pral ede restoran yo soutni biznis yo pandan y ap satisfè bezwen yo nan kominote yo k ap lite kont ensèkirite alimantè ak bay vwazen nou yo ki nan plis nesèsite manje."

Pwogram Rezistans Restoran pral bay finansman, ki te pase kòm yon pati nan Bidjè Eta New York 2021-22 a, soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York rive nan rezon New York ki gen dis bank alimantè toupatou nan Eta a. Ou kapab jwenn lis bank alimantè yo ak montan prim yo [isit la](#).

Founisè manje ijans yo pral travay dirèkteman ak restoran ke Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York jije bon ki kalifye pou pwogram lan. Yo pral bezwen montre kapasite yo pou kreye manje ki aliyen ak estanda MyPlate.gov yo rete ajou ak kondisyon lisans yo, epi pase tout enspeksyon sante yo. Yo ankouraje restoran k ap patisipe pou yo itilize engredyan New York kote sa posib. W ap jwenn plis enfòmasyon ak aplikasyon pou pwogram nan [isit la](#).

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** "Pwogram Nourish New York la se deja yon gwo siksè nan kapasite li pou adrese bezwen fanmi yo ki nan bezwen asistans manje pandan pandemi an epi pou bay soulajman pou kiltivatè nou yo ki ap konbat ak pèt mache kle yo. Lè nou itilize Nourish New York kòm yon modèl pou ede restoran nou yo kounye a, n ap kapab rive atenn plis Nouyòkè menm epi founi yon baz kliyantèl ki stab pou restoran nou yo pou ede yo travèse moman difisil kontinyèl sa yo."

**Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare,** "Ensèkirite alimantè se yon pwoblèm sante piblik ki patikilyèman soulinye pa pandemi COVID-19 la. Pwogram Nourish New York la enpòtan nan bay asistans ak soulajman pandan tout pandemi an epi kontinye gwo travay yo non sèlman pou ede fanmi yo, men pou rebay endistri restoran lavi. Mwen fyè pou devouman pou batay kont ensèkirite alimantè epi ede asire ke fanmi New York yo pi an sante ak pi fò pase anvan."

**Komisè Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) la, Steven Banks, te deklare,** "Nan NYC DSS, nou deja aplike yon seri refòm ki rann li pi fasil pou Nouyòkè yo jwenn aksè ak resous ak avantaj yo bezwen, lè yo bezwen yo, ki gen ladan atravè entènèt/aplikasyon mobil. Nou ap sipòte efò Eta a ak tout kè nou pou elaji rezon sekirite sosyal la nan ajoute plis opsyon ak nan ogmantasyon aksè - epi nou pa ka tann pou aplike chanjman pwogresif sa a, ki pral bay kliyan nou yo pi gwo chwa ak fleksibilite, pandan y ap sipòte ti biznis yo ki travay di nan Vil nou an."

**Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administrator, HRA), Gary Jenkins, te deklare,** "Konekte Nouyòkè yo avèk asistans manje yo bezwen an se youn nan pi gwo priyorite nou yo ak yon responsablite nou pran trè seryezman. Nou fyè pou nou fè pati efò sa a pou pote refòm bon sans nan pwogram vital sa a, ki pral tou sèlman ogmante opsyon ki disponib pou dè milyon Nouyòkè ke nou sèvi yo. Nou

aplodi Gouvènè a ak eta New York paske yo sezi opòtinite sa a pou refòm, ki mennen anpil moun ki gen enterè kle sou tab la."

**Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite NYC (NYC Hospitality Alliance) a, Andrew Rigie, te deklare,** "Lejisasyon sa a ofri yon fason kreyatif ak reflechi pou sipòte Nouyòkè ki nan ensekirite alimantè yo ak aksè ak manje cho ak nouriti ki soti nan restoran yo, pandan y ap bay soulajman ak menm restoran sa yo, ke pi fò nan yo se ti biznis, ki te finansyèman devaste pa pandemi epi k ap lite pou yo rekipere yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou lidèchip li dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ak nouvèl pwogram sa pou fè li vin yon lwa."

**Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Restoran NYS (NYS Restaurant Association) la, te deklare,** "Konsekans COVID-19 la kite anpil Nouyòkè nan pozisyon finansye difisil, yo pa fin sèten kote pwochen repa yo ap soti. Men pandemi an te anseye nou ke nan travay ansanm, Nouyòkè yo ka akonpli gwo bagay. Pwogram Rezilyans Restoran an se yon fason kreyatif pou itilize menm koperasyon sa a pou aliyen bezwen Nouyòkè yo ki nan sekirite alimantè yo ak moun ekstrawòdinè yo ki nan endistri restoran New York ki toujou ap lite pou avanse ansanm. Mèsi Gouvènè Hochul, Komisè Ball, Manm Asanble Rodriguez, ak lidè lejislatif nou yo paske yo te vini ak pwogram sa a epi nou espere travay avèk tout moun ki gen enterè yo pou asire ke sa aplike yon fason efikas pou avantaj Nouyòkè yo ak endistri restoran nou an."

**Direktè Egzekitif Feeding New York State Dan Egan te deklare,** "Pwogram Nourish New York la kontinye sipòte twa milyon Nouyòkè ki bezwen asistans alimantè ansanm ak endistri alimantè New York la. Avèk anons sa a, Nourish NY agrandi pou anbrase sektè restoran an, ki inikman plase pou bay vwazen nou ki nan bezwen manje prepare ki gen bon jan kalite siperyè. Nou aplodi lidèchip Gouvènè Hochul isit la, epi nou pa ka tann pou agrandi gwo travay an ekip nou an ak Depatman Agrikilti ak Mache a."

**Dr. Debbie Almontaser, ko-fondatè Yemeni American Merchants Association lan, te deklare,** "Pandemi COVID-19 la montre nou ki jan kominote nou yo toupatou nan eta a vilnerab nan sa ki gen pou wè ak sekirite alimantè. Pandemi an te afekte yon fason konsiderabi popilasyon aje, andikape yo, ak popilasyon sanzabri nou yo. Vinri nou yo, episri nou yo, ak restoran nou yo toupatou nan eta a te konstate sa pèsònèlman kòm travayè esansyèl pandan pandemi an. Yemeni American Merchants Association lan, ak manm li yo ak mwen aplodi Gouvènè Hochul, Komisè Ball, Senatè Roxanne Persaud ak Manm Asanble Rodriguez paske yo siyen lejislasyon S.64/A.1524 la."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)